ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЕ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№85 (20.993) ● 2007 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 27, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Сурэтыр КЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

●КЪБР-м и Парламентым

Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм хэплъэ

Дыгъуасэ КЪБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІащ республикэм законхэр кыдэзыгъкІ и органым и зи чэзу зэІуплъэ.

АР КЪЫЗЭЫУНХАЩ икІи иригъэкІуэкІащ Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс. ЗэІущІэм и лэжьыгъэм хэтащ Парламентым и Унафэщым и къудэдзэхэу Бозэн Натбийрэ Федченкэ Людмилэрэ, Президентым рэ Правительствэмрэ я лЫкІуэу Парламентым щыІэ Къуэшырокъуэ Залым, КЪБР-м и прокурор Чэт Юрий сымэ, депутатхэр, нэгъуэщІхэри.

Ялэу псалъэ эрата, Парламентым и лэжьыгъэр кыхъэгъэпэщыным кІэ, регламентымкІэ, депутат хабзэмкІэ комитетым и Іэтащхьэ и Іэтащхьэм и лэжьыгъэр кыхъэгъэпэщыным кІэ, регламентымкІэ, депутат хабзэмкІэ комитетым и Іэтащхьэ Іэ Іэтхэ дыІыгъащ.

ЗаконодательствэмкІэ, къэрал ухуэныгъэмкІэ, щыпІэ самоуправленэм и Іуэхугъэмкіэ комитетым и унафэщым и къудэзэу щыгъуазэ щІэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ комитетым и тхьэмадэу.

Адэкіэ Бечелов Ильяс кыхилхьа Іуэхуэхэмэ арэзы техьащ кыІэзэхуэсахэр: Парламентым и Унафэщым кьуэдзэу щы иІэн хуейуэ кыхъалъхьэри, Парламентым и Унафэщым и къудэзэу Берд Хьэрэтэлий ягъэуащ.

Апхуэдэу Гилиев Борисыр нэгъуэщІ кьалэн пщэрыль щащІащ - ЗаконодательствэмкІэ, къэрал ухуэныгъэмкІэ, щыпІэ самоуправленэм и Іуэхугъэмкіэ комитетым и унафэщым и къудэзэу ягъэуващ. Промышленность Іуэхугъэмкіэ КЪБР-м и Парламентым и лЫкІуэу Ипщэ-Урысей Парламент Ассоциацэм щыІэну ягъэуващ Малаков Тіэхьир.

Адэкіэ депутатхэм Іэ Іэтхіэ кьаГэльэгъуащ закон 11-м я проектхэр къэщтэным зэрыхущыт щыхьэр. Абы кыдэкІуэу КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм хэтхэр щІэуэ убзыхуным; щыхуэжэр санаторэ-курорт путевкэхэмкІэ кьыІэзгъэпэщыным текІуэдэну мылъкыр 2007 гъэм Урысей Федерацэм и бюджетым кьыхэгъэхьыным теухуауэ КЪБР-м и Парламентым Кърал Ду мэмрэ УФ-м и Правительствэмрэ Зэрызахуигъэзам; пенсэ реформэм эм теухуауэ Парламентым Кърал Ду мэм и УнафэщІ Грызлов Борис Зэрыхьыхуитьэзам, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм щы-хэпльащ зэІущІэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Шынагъуэншагъэмрэ инвестицэхэмрэ ятеухуауэ

Мэлыжьыхьым и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен Москва кьалэм щыхэтащ Урысей Федерацэм и къэрал советым экстремизмэм пэщІэтынымкІэ и лэжьакІуэ гупым и зэІущІэм.

А МАХУЭ дыдэм КЪБР-м и Іэтащхьэр яІущІащ Тырныауз бгы-обогатительнэ комбинатым инвестицэхэр хэзылъхьэну мурад зыщІа британскэ промышленникэм. Инджылызым щІыщ бизнесмен эр иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыкІуам ахэр а ІуэхугъэпІэм щыІащ икІи абы и пЭщащІэхэр зэфІэгъэувэжьынымкІэ программэм зэпкърыхауэ щыгъуазэ защІащ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Зэрызыжьынум и программэр

КЪБР-м Москва къыщыхелъхьэ

Мэлыжьыхьым и 24-м Урысей Федерацэм ЩІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2022 гъэ пщІондэ иГэуэтыну социально-экономическэ зыужьыныгъэр зыхуэдэнум.

АБЫ ЗДЫТЕПСЭЛЪЫХЬЫМ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Ярин Андрей кьыхиГъэщащ документыр щагъэхьэзырым Іуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрыр зызыужь, ущыпсэункІи зыщыбгъэпсэухункІи щынынагъэнщэ Урысей щІыналъэу зэрыщыгъэр зыхуэІупщІ ящІыным нэхъ зэрытраухуар.

Республикэм и унафэщІхэм я мурадщ илъэс 15 гъунэгъум кьриубыдэ пІалъэм кьару нэхъыщхьэр экономикэм и Іэнатіэхэу лэжьыгъэ нэхъ ин щызэпІэгъэкІыпхьэ, лэжьакІуэ нэхъыбэ хуеинухуэм зегъэужьыным хуаунэтІыну. Премьер-министрым зэрыжиІамкІэ, а Іуэхугъуэхэр зэфІэгъэкІыным кьызэригъэпэщын хуейщ бюджетым налог нэхъыбэ кІуэныр. Адрей щІыпІэхэм япеуэн и лЫныкъуэкІэ республикэм иІэ ефІэкІыныгъэхэм ящыщу абы кьиГъэлъэгъащ экономикэр лэжьакІуэхэмкІэ куэду кьызэрызэгъэпэщащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэм, абыхэм ящыщу бгырысхэми кьанэ щІагъуэ щымыІэу (процент 98-м) газыр зэралъэІэсар, ахэр тыншу ущызэкІуэ хьэн гъэзгуэмкІэ зэрызэпыщІар, узынщагъэр щызэфІагъэувэж щІыпІэхэмкІэ зэрыкъуІелІр икІи ахэр къэгъэсэбэныным и лЭныкъуэкІэ блэкІа зэманым Іуэхум хуэІуэз зэрыхьуар. Республикэм и Правительствэм и Унафэщіу апхуэдэуи кьытеувыІащ гранит къутахуэхэр, цемент, пшахьэ, вулкан жьЫ, пемзэ гъэхьэзырым и лЭныкъуэкІэ республикэм хэкІыпІэфІхэр зэрИэм. Зыхуэфащэ проектхэр гъэзэщІа хьэн щхьэкІэ, инвестицэ доллар мелуан 300-м нэблагъэ зытекІуэдну гъэщ гъуэгу ухуэн хуейщ.

ЩІыналъэм зегъэужьыным щІэдзапІэ нэхъыщхьэ хуэхьэн хуейуэ зэгъеблагъэ ІуиІэм, мэкъумэшым, ухуэныгъэм елэжьыным ирахьэлІэхэр кьыщІэгъэкІынырэ зэтеублэнырэ.

Ярин Андрей кьыхэзыхигъэбелджылыкІащи, нэхъыщхьэу щыт а Іэнатіэхэм зыпхуегъэужьынкъым хьэрычтыщІэ Іуэху мыиныр тегъэщІапІэ кьэмыщІауэ, псом хэмыдэу кьэлыпІэн хуейщ республикэм а и Іэнатіэхэм хозяйствэшхуэхэр тепщэу зэрыщыщымытыр. Кьапщтэмэ, мэкъумэш хозяйствэм кьыщалэжьым щыщу предприятІэ инхэм я Іэдакъэщ Іэкіыр зэрыхъэр процент 15-щ.

Йэбзыхуэ Іуэхугъуэхэр бгъэзэщІа хьэмэ, республикэм и экономикэм кьызэригъэпэщынуц сыт хуэдэ Іэнатіэми зыужьыныгъэшхуэ щыІэнэр. Валовэ щІыналъэ продуктыр (ВРП-р) ику иту илъэсым зэрыхьхьуэ псынщІагъыр процентэ 9,6-м нэсынущ, лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр мы зэманым зэрыхьу процент 25-м и пІэкІэ процентэ 6-кІэ нэхъ мащІэ хьунущ. Мыдрейуэ ику ит лэжьапщІэм хуэдИ 4-кІэ хэхьэнущ, щІыналъэ биоджетыр езым и хэхьэхэмкІэ кьызэрызэрагъэпэщыр иджыпсту зэрыхьу процент 22,6-м икІынущэ процент 65-м нэсынущ.

Фигу кьэдгъэкІыжьащи, Урысей Ипщэ лЭныкъуэ щІыпІэм инвестицэхэр хэлъхьэныкъэ зегъэужьыныкІэ агентством, «Стратегикэ» управляющэ фирмэм зэхалъхьа документхэр («2022 гъэм щІондэ КЪБР-м зэрызыужьынум и стратегиер», «2007 - 2011 гъэхэм республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкІэ Программэр», «КЪБР-м и щІыналъэр зэрыубыхуа схемэр» жьхуИэхэр) республикэм и унафэщІхэм, хьэрычэтыщІхэм я пащхьэ ящэ ДыдэУ иралъхьауэ щыІащ ГьатхэрэмИ и кІэм.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

●КЪБР-м и Правительствэм

Гулытэ хэха зыгъэтыпхъэхэр

Мэлыжьыхьым и 26-м КЪБР-м и Правительствэм щекІуэкІа зэІущІэм щыхэпльащ республикэм и гъащІэм дежкІэ къыхэнэхуэ зиІэ Іуэхугъуэ 10-м.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ хэтхэм яубзыхуащ нэгъабэ яГъуэта социально-экономикэ зыужьыныгъэм тещІыхьауэ нэхъ къыхэжаныкІа кьалэхэмрэ районхэмрэ зэрагъэпэжэну щыкІэр; псэун папщІэ цІыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуэныкьуэ ахьшэ бжыгъэр зыхуэдизыр; къэрал унитарнэ Іуэхущ Іапіэхэм щыхуэ я къыкІэращтэ хьэну Іэмалхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэз хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым къыхилъхьауэ, зэІущІэм унафэ пыухыкІахэр кьищтащ пхъэр мэзым щыгъэхьэзырным, ар щэным, хамэ кьэралхэм егъэшэным и Іуэхуэхэр гьэтэмэмыным, цІыхуэхэм я щхьэ Іуэхуэкіэ кьагъэсэбэп пхъэр мэзым зэрыщІаш хьуну щыкІэр убзыжьным, мэзыр зытет щІыр бэджэнду кьыІэращтэ хабзэхэм схьэлІауэ.

ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ Правительствэм и Унафэщі Ярин Андрей. Абы и лэжьыгъэм хэтащ кьалэ, районым и администрацэхэм, министерствэхэм, ведомствэхэм я унафэщІхэр. Ар зэрекІуэкІар нэхъ зэпэсрыхауэ къьэзыгъэльэгъуауэ тхыгъэ мыувэу ди газетым тетынущ.

ГЪУЩІО Зарифэ.

Къызэхуэсахэр, абы кьыхилъхьэри, яІуэ щІыкІэ хуэзыгъуащ дунейм ехьажа Ельцин Борис, Путин Владимир жиІащ абы зэман зэблокІыгъэ хьэлъэм властыр зэрыІэрыхьэр, ауэ Урысейр кьыкІэрыхуныгъэм кьыкІащ икІи мы зэманым ящыщу дунейм нэхъ псынщІу зыщызыужь къэралы 10-м.

ПУТИН Владимир жиІащ мы гъэм и кІэуэкьи Кърал Думэр щІэуэ зэрыхахьынум кьриклуэнухэм щІыхубэм властхэм хуащІ пщІэр зыхуэдэр кьызэригъэльэгъуэнур. А хэхыныгъэхэр хабзэщІэм тету иратэкІуэкІынуц - абыхэм хэтыныхэр политикэ партхэм я закъуэщ: мандат закъуэмкІэ хах щыІэжьынукъым. Ди гугъэщ апхуэдэ хэхыкІэм парламентарийхэм я лэжьыгъэр иригъэфІэкІуэну, кьыхигъэщащ Президентым.

Путин Владимир адрей ильэсхэм хуэмыдэу мы гъэм тригъэщІащ анэдэлъхубзэр яджын, щэнхабзэм зрагъэужьын зэрыхуейм. Апхуэдэу абы зэман зыбжанэ хуэхахащ библиотекэ ІэнатІэр кьЭтыжьныным и Іуэхум.

УФ-м и Іэтащхьэм кьыхихъэщхьэхуКІащ щІыналъэхэм кІуэ пэтми нэхъ дэІэпыкъуныгъэ нэхъыбэ зэрыратынур. Ар хуэунэтІауэ щыгъэм хуейщ.

"Дэтхэнэми псэуПІэ щхьэхуэ иІэн хуейщ, - кьыхигъэблагъылыкІащ Президентым. - 2010 гъэм псэуПІэу яхуэхуэ метр зэбгъуэнатІэ мелуан ящІейи нагъэсын хуейщ. Ауэ ар машІэщ, а бжыгъэр мелуани 100 - 110-м намыгъэсу хьунукъым".

Стабилизацэ фондыр кьызэрызэрагъэпэщар хьарзынэщ, ауэ мы зэманым абы зэхьэзыкІыныгъэхэр егъэгъэупын хуейщ. Зы Іыхьэр хуэах хьунущ гъэсыныгъэхэм я уасэхэр ехуэх хьужькІыуэмэ, кьагъэсэбэныным, адрейр куэд кьызэщІэзыубыдэ проектхэр зэфІэгъэкІыным. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр ещанэрщ - кьытщІэхьуэ щІэблэмэ иджы псэухэми гъащІэфІ яІэнэр кьызэрэпэщынырщ.

Нэхъыжьхэр щыпсэун хуейкъым хъыбий хъуа унэхэм, абыхэм яхуэфащэщ жьыщхьэ махуэ хьуну. Абы кьыхэкІыу ильэситІ гъунэгъум пенсэхэм процент 65-кІэ хагъэхъуэн хуейуэ жиІащ.

Путин Владимир гъащІэм и Іэнатіэ зэмылЭужьыгъуэхэм кьууэ тепсэлъыхьащ. Абы кьыхилъхьа Іуэхугъуэхэр Правительствэм тэмэму игъэзащІэмэ, ди къуралым фЫц куэд кьызэрыпэплъэм щэч хэлъкым.

ШАЛ Мухьэмэд.

ЗэІущІэхэр щекІуэкІым.

Илъэс 20 гъуэгуанэ

● ЗэІущІэхэр

Налшык и Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм щекІуэкІащ зауэм, лэжьыгъэм, Іэшхэр ЗэІущІэуэда Къырхэм, хабзэхьуэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэр илъэс 20 зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ Іуэхуэр.

ВЕТЕРАНХЭМ я район, кьалэ совет псоми я лЫкІуэхэм я мызакъуэу, нэхъыкъэм я гуфІэгъуэм ирихьэлІащ Парламентым, Правительствэм я щыщІэхэр, Іуэхущ Іапіэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм я унафэщІхэр, апхуэдэу Осетие Инджылэрэм-Аланием, Къэрэшей-Щэрджэсым, Ставрополь крайм, Москва кьикІа хьэщІэхэр. Абыхэм яхтащ урысейпсо зэгухьэныгъэм и кьызэгъэпэщащІуэхэм ящыщи - Урысейм и Ветеранхэм я Советым и унафэщІхэм и къудэзэ Карабанов Дмитрий.

КЪБР-м и ветеран зэгухьэныгъэм кьыІэрыхьащ Ипщэ Федералнэ округым и республикэхэм, крайхэм, областхэм кьикІа хьэхьэу телеграммэхэр.

КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къудэзэ ДышэкІ Мадинэ *(сурэтым)* республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я щэкІэ гуапэу ехьэхьауад зауэм хэтахэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм икІи абыхэм фЫщІэщхэу яхущІащ ди щІыналъэм намыгъэр, зэгурыІуэныгъэр, зэкъуэтыныгъэр щыгъэбыдэным, щІалэгъуалэм гъэсэныгъэ тэмэм щегъэгъуэтыным и Іуэхум хэлъхьэныгъэщхэу зэрыхуащІым папщІэ.

КЪБР-м и ветеран зэгухьэныгъэр кьыхэзыгъэгъэпэщащ, абы и лэжьыгъэм, зыужьыныгъэм, кьыщІыт кьалэнхэм я лЫкІуэхэр, Іуэхущ Іапіэхэм я ветеранхэм я республикэ советым и унафэщІ Шыхьэубахьуэ Мухьэмэд.

Мы зэманым куей кьудамэу 10, кьалэ кьудамэу 2, къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда Къырхэм, УФСБ-м, Суд Нэхъыщхьэм, прокуратурэм щылэжьахэр республикэ советым хэтщ. Ахэр пщІэдзэ ветеран зэгухьэныгъэхэу 432-рэ мэхъу икІи абыхэм хохьэ ди нэхъыжьыфІхэу мини 130-м щІигъу.

Ветеранхэм я цІэкІэ Шыхьэубахьэм республикэм, районхэм, кьалэхэм, къуажэхэм я унафэщІхэм фЫщІэ яхуищІащ нэхъыжьхэм эпымыуу я нэІэ зэрытрагъэтым папщІэ.

Ветеранхэм гуапэу ехьэхьауад КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къудэзэ Федченкэ Людмилэ, къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министр Томчак Юрий, республикэм и военком Хьэжокъуэ Борис, КЪБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІ Тау Пщыкъан, КЪБР-м и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Черкесов Георгий, РОСТО-м (ДОСААФ) и республикэ советым и унафэщІ Іущын Юрий, «Зыу щыт Урысей» партым и щІыналъэ къудамэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ Дьяченкэ Вячеслав, КЪБРЩВА-м и директор Тхьэгъэлэдж Тимур, жылагъуэ орга низацэхэм я лЫкІуэхэр, къуэш республикэхэм, крайхэм, областхэм кьикІа хьэщІэхэр.

Урысейпсо ветеран зэгухьэныгъэм и цІэкІэ гуфІэгъуэм хэтхэм ехьэхьауад Карабанов Дмитрий. Абы зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и лэжьыгъэм щІэщІэуэ хуищІащ икІи жиІащ Урысейпсо ветеран зэгухьэныгъэм и ЩІыхь тхьылыр кьызэрыхуагъэфэщар. Апхуэдэу и лэжьыгъэфІым папщІэ абы фЫщІэ хуищІащ Ауан къуажэм и ветеранхэм я пэщІэдзэ зэгухьэныгъэм и унафэщ Дол Ахьмэд.

ЗэІущІэм зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран гупыщхэм щратащ КЪБР-м и Парламентым, республикэ министерствэхэм, КЪБР-м и профсоюзхэм я федерацэм я ЩІыхь тхьылыр, нэгъуэщІ дамыгъэхэр, саугъэтхэр.

И псалъэм и кІэуэкІы КЪБР-м и ветеран зэгухьэныгъэм и унафэщІ Шыхьэубахьэ Мухьэмэд иубзыхуащ зэманым гъунэгъум зэфІагъэкІыну кьаращІт кьалэн нэхъыщхьэхэр. Ахэр хуэгъэзащ ТекІуэныгъэ Иныр ильэс 62-рэ зэрырикъур ильэсыпІэным, КЪБР-р езыр фІэфІу Урысейм зэрыгъэхэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъум ветеранхэр жьыдэжу зэрыхэтынум зыхуагъэхъэзырыным.

БАЛЪКЪ Мухьэмэд.

● ТхылъыщІэ

"Дыгъэр къуэмыхьэ щІыкІэ"

Илъэсищэ и пэкІэ Гулиа Дмитрий зэхилубла абхъэ литературэм и къару ильыгъуэщ нобэ, и цІэмрэ и фІыщІэмрэ жьыжьэ щыгъуарэ и пащхьэкъ кууэ. Лъэпкъ тхьбзэмрэ литературэмрэ я зэхуэбладэу щэджащэм кьыщІэтэджащ тхакІуэ, усакІуэ гуащІафІэ куэд, абыхэм я кьалэмыпэм кьыщІэкІащ гъащІэм и пэжыпІэкІэ гъэнщІа тхыгъэ гъуэзджэхэр.

НАЛШЫК иджыблагъэ къыщыдэкІа «Пока не зашло солнце» тхылъым щызэхэхьэсащ абхъэз тхакІуэ, усакІуэ 19-м я тхыгъэхэр. Тхылъым щыгъуазэ уещІ абхъэз литературэм и лэжьакІуэ щІэрыІуэхэм - Шинкубэ Бэгъарэ, Тарбэ Нелли, Амаршан Виталий, Гогуа Алексей, Аджиджжал Шалоди, Хашир Никуалэ, Чкадуа Шотэ, Зантарие Владимир сымэ, нэгъуэщІхэми я усыгъэхэм, рассказхэм.

Тхылъыр зыгъэхьэзырар «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ, ЩІДДА-м и щІэныгъэ секретарь, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, тхакІуэ Тхьэзэрилъ Хьэсэнщ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Фэеплъыр ягъэІэпхъуэ

Эстонием и кьалащхьэ ТаллиннщыщІадзащ совет зауэлІ нихьхуитщыжакІуэм и фенеплъыр гъэІэпхъуэным пыщІа Іуэхугъэр. Апхуэдэу щІыпІэм кьыщыщІахьж къэралыр хуиткьыщащІыжьым хэкІуда зауэлІхэм я зэкъуэщыкхъэм щІэльхэм я кьущІхьэхэр.

Полищэм щІыпІэр кьыхуэрехьащ, БзищкІэ кьыфІадзащ: «Археологие лэжьыгъэхэр щокІуэкІ» псалъэхэр зытет тхыгъэхэр. АрщхьэкІэ дунейр зэриухуэхэр зыми ильэгъуакъым апхуэдэ «археологие» кьухуэгъащІэхэр.

УФ-м и МИД-м и лэжьакІуэ Камынин Михаил жиІащ Эстонием и властхэм ялэжьхэм Урысейм и цІыхухэр зэрызэгуигъэпІэр. Абы кьыхихьэщхьэхъуКІащ Таллиннэ эхищІыхьхэм къэралитІым я зэхущытыкІэхэм яжь зэрыщІихунур.

Арэзыхэмрэ мыарэзыхэмрэ

Украинэм и президент Ющенкэ Виктор жиІащ ешІэм и мыгъэзуэ ильэса пащІэм хуэныкъуэхэр щекІуэкІынымкІэ щІэлъэ зэрилъхьэнымкІэ. Иджы Іэ щаІэтынир накьыгъэм и 27-ркьым, а1э мкьыхуэгъэуэм я 24-рш. Абы и унафэ дАІыгъ Тимошенкэ Юлие и блокымрэ «Ди Украинэ» партымрэ. АрщхьэкІэ абыкІэ арэзыкьым премьер-министр Янукович Виктор.

Фигу кьэдгъэкІыжьащи, Украинэм и Конституцэ судыр мы зэманым хоплъэ апхуэдэ хэхыныгъэхэр егъэкІуэкІыным теухуауэ Ющенкэ Виктор кьыщта унафэм и тэмэмагъым.

Буш зехьунцІэ

США-м и конгрессым лЫкІуэхэм я палатэм кьыщта унафэм ишкъ иткІэ, американыгъэхэр Ираким ирашыжьыным теухуа мы гъэм зэнуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ.

Абы и телъхьэу І Іэ яІэташ конгрессмен 10-кІэ нэхьыбэм. Ар сенаторхэми дАІыгъыну кьыщІэкІынущ. Ауэ президент Буш Джордж жиІакІащ апхуэдэ унафэр зэрыпхимыгъэкІынур. Ар кьызэхъэкІри гурыІуэгъуэщ: а унафэм кьару иГуэтмэ, беджжлы кьыщІэкІынущ США-м Ираким кьхьэлІауэ ящІ илъэс хэм илэжьа псори щыуагъэшхуэу кьызэрыщІэкІар. *(ИТАР-ТАСС).*

НОБЭ

◆ Саха (Якутие) Республикэм и махуэщ. 1922 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м РСФСР-м хэт Якутие АССР-р кьызэрагъэпэщащ.

◆ ЮАР-м и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - Щхьэхуитныгъэм и махуэщ. 1994 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м Африкэ Ипщэм лъэпкъ зэхэгъэжьыр щагъэкІуэдыжа нужь, псори зыхъэда демократие хэхьыныгъэр къралым щекІуэкІащ.

◆ **Урысейм и Балт флотым и авиацэм и махуэщ.**

◆ Словением щагъэлъапІэ Щхьэхуитныгъэм и махуэр. 1941 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м Словением и компартым жиІащ зэрыпхъуакІуэхэм ящІэтыну дЭпкъ щхьэхуитщІыжакІуэ фронт кьызэрызэригъэпэщар.

◆ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1932) СССР-м и ЦИК-м и Президиумым кьыштащ къэралым я ящэ Хьэуа кодексыр.

◆ 1974 гъэм ухуэн щІадзащ Байкал-Амур гъэзыр.

◆ Илъэси 185-рэ и пэкІэ кьалъхуащ США-м и дзэ, политикэ лэжьакІуэ, 1869 - 1877 гъэхэм къэралым и президенту щта, США-м Граждан зауэр щекІуэкІым Ищхьэрэ армэм и унафэщІу щыта Грант Улисс (1822 - 1885).

◆ Илъэс 80 и пэкІэ кьалъхуащ киномэ и артист щІэрыІуэ Моргунов Евгений (1927 - 1999).

◆ Илъэс 70 и пэкІэ лІащ Италием и коммунист партыр кьызэзыгъэпэща, теоретикІэ марксист Грамши Антонио (1891 - 1937).

◆ Илъэс 35-рэ и пэкІэ лІащ Гаэм и къэрал, политикэ лэжьакІуэ, Ганэ Республикэр кьызэзыгъэпэща икІи абы я ящэ президент, Дунейпсо лениН саугъэтым и лауреат (1962). Африкэ социализмкІэ зэдзэм и пащхьэр зыгъэтІылъа Нкрумэ Кваме (1909 - 1979).

◆ 1952 гъэм кьалъхуащ Щоджэнщ Іыкіу Алий и цІэр зезыхьэ драмтеатрым и художественэ унафэщІ, Уфа щІыхь зиІэ и артист Шыбзыхуэ Басир.

◆ Мэлыжьыхьым и 27 - нэкьыгъэм и 13-хэм Москвэр Москва областымрэ щекІуэкІынущ хоккейныкІэ 71-нэ дунейпсо чемпионатыр.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэт 6-рэ дакъикьи 4-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакъикьи 6-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикьи 2-рэ.**

Дыгъэмэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэд.**

Тхылъ тІэкІу

УмыгъэІыгъа хэхьэжьгъым.

●КЪБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІащ республикэм законхэр кыдэзыгъкІ и органым и зи чэзу зэІуплъэ.

Адыгэ Псалъэ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

Япэ адыгэ тхакІуэ

Къаз-Джэрий Сулът!ан къызэрэдалъэуэр илъэс 200 ирокІу

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №84-м итщ.).

«Къэжэр таурыхъ»

ИДЖЫ дыкъытеувыІэнщ Къаз-Джэрий и етІуанэ тхыгъэ - «Къэжэр таурыхъым». Ари, зи гугъу тщІа очеркым кІэлъыкІуэу, Пушкиным и «Современникым» и етІуанэ къыдэкІыгъэм тридзащ, Копылов Алексей, Языков Николай, пщащэ шууей Дуровэ Наталье сымэ я тхыгъэхэм щыгъуэу.

Хьыбарыр зытеухуар кІэщІу къэтІуэтэжынщ: Иран щахъи, зыщІэн зымыщІэжу щыкІам, и анэгъафэр Дэлъхьин унафэр хуещІ пщащэрыжьхэм ирихьэлІэу пщІантІэдэт кІоным и унэщІэхэм щІэнакІалъэ зыриз пытхауэ къыхуихыну.

«Ауэ къызжиІакъым жомыІэж! - къеГъэшынэ ар щахъи, - сигу ириимыхьи емыкІу гуэр а уи ауанхэм къаухэкІмэ, щысхь пхузиІэнукъым».

Дэлъхьин тхьэмыщкІэр къэнащхьеяр мэкІуэж унэм. ИгукІэ ар йобг щахми абы и блыгущІэт ныкъуэделэ къомми. Жэщ псом Дэлъхьин жеякъым, щІэнэкІалъэ усэхэр зэхилъхьэу щысащ. «ИкІэм икІэкъым зы гупсысэ бэлыхь абы и щхьэм къихьащ - езы шах дыдэм делэкІэ едэжну», - етх Къаз-Джэрий.

Щахыр ину къэдыхьэшхащ, и ажэгъафэм къиГупсыса щІэнэкІалъэр игу ирихьауэ, абы саугъэт иратыну унафэ ищІащ. ПщІантІэдэт къомри, я зиусхьэным дэлпъеяуэ, унащхьэр трач жьпІэну, зэщІадыхьэшхэрэ.

Класс жьпІэгъуэр (обществор) къызэрыхъу лъандэрэ бэнэныгъэм и Іэщэ лІэужьыгъуэу кьаГъэсэбэп ауанищІ дыхьэшхэнхэр. Дэкъуэз цІыхухэм (Дэлъхьин хуэдэхэри яхэту), тепщэгъуэр зыІыгъхэм къаурыкІэ пэщІэуявэфтэкъыми, зэрымыарэзыр къагъэлъагъуэрт эи хьэмтетыгъуэхэм щыдыхьэшхьуэр. Дыхьэшхэну яусхэм езыхэм я щхьэр тІысу яригъэльагъужьырт, дэтхэнэ залымым нэхъри зэрымынэхьыкІэр я фІэщ ищІыжьырт.

«Дыхьэшъым ещІэ а зыщідыдыхьэшъым нэхърэ езыр, зэрынэхъыфІыр, - жиІэрт Луначарский Анатолий, - ар хущІокъу и ныкъуэкъуэгъэм и щы-щІэныгъэхэр къыщІигъэщІну, атІэ ахэр сэтей къэщІыным мыхьэнэшхэу и щІэд дунейр лъэныкъуитІ зэрыгъэхъуауэ щыізэхущІэуэм дежи зытеПІуэнтІэнум хуэІэзэ хъуныкІэ».

АуаныщІ тхыгъэхэм - шыпсэхэм, гушыІэхэм, щІэнжалъэхэм - дыхьэшхэнхэу къыщыдгъэнэгъуащ гъэпщыплІакІуэхэр, абыхэм яхуэІуэхутхъэбзащІэ хеищІэхэр, ээчыл тхьэпэпцІэхэр, «щІэныгъэлІ» пцІыІуэпцІыщхэр. Апхуэдэхэр я тхыгъэхэм къыщракъухь, щагъэпуд, нэгъуэщІу жьпІэмэ, Дэлъхьин хуэдэ цІыху къызэрыгъэкІым сыт щыгъуи ауан ещІыф щахьым хуэдэ ІэшІуу зальымхэр.

Шэч хэмылъу, Къаз-Джэрий кьыгурыІуэрт мы Іуэхуздж лІэужьыгъуэр къэрэхьэлъкъ цІыхубэм и Іэщэ мубзэщхъуу зэрыщытыр. А Іэщэр къэбгъэсэбэп хъунут ящІ, блэкІам и щІэин ГъуамэхэмэІ уеГэныну, хеймрэ мысэмрэ ириязхэбГъэкІыну, зауэгъэр къиримбзыну. А псори къызэрыгурыІуэм къыхэкІыу адыгэ тхакІуэм къыщІигъэщІын лъэкІащ ГъащІэм хэлъ гуемыІуэхэр. Къаз-Джэрий и «Къэжэр таурыхъым» ар щыдолъагъу.

ДыхьэшхэнкІэ зэрыІэщэ лъэщым и щапхъэхэр тхьдэмэ къыщыдогъуэт. Дзэм хуэзфІэмыкІар ауаным щызэриГъэхъуІэ Іэджэрэ къэхъуащ, сыту жьпІэмэ дзэм дэз пэщІэбГъэувэ мэхъу, мыбы зыкІи зыщІыпхъэмыжьынукъым.

Зы зэман Наполеон и фэр ирахащ карикатурэ зыщІхэм. Амыбен дежИнджмыльзымрэ Франджмрэ щызэрауэлІа мамыдэ зэгурыІуэныгъэм Наполеон хигъэхьат мы Іуэхугъуэри: карикатурэхэр, памфлетэхэр зыітх гъэрэр тегушхуэрэ пащтыхьым и ІуэхущІафэр е езы пащтыхьыр яубыну уеужьымэ, ахэр лІыукІэмрэ ахъшэ нэпцІ зыщІэхэмрэ хуагъадэрэ, я суд ищІэну езым кьратыну.

Адыгэ тхакІуэм, дауи, щыгъуэзэгъэ Наполеон хуэдэ къэрал унафэщІ щІэрыІуэхэми апхуэдэу Іуэху кьалъыкъуэкІыу зэрыщытам. Къаз-Джэрий и дыдэхьэшхр ГъащІэм щекІуэкІ мызахуагъэхэм ятеуухуащ, аращ а Іэщэр зытІришэщІам щІыпІэІэсыр. Адыгэ тхакІуэм и хъыбарыр дыхьэшхэн Іуэхущ кІыхьыжьыр. Ауэ ар дыхьэшхэ нэщІ мыхьэу, дыхьагъ зыхэпъ ІуэхугъуэкІи зэщІыжащ, сыту жьпІэмэ зыпІэкІыр зыпІэмыкІым егуэзэну хуитщ, нэхъ акъыпыфІэр нэхъ акъыпынІэм ебгъэн хуейуэ кьыщыгъэпІагъуэщ. Дзэпхъи и шахыр зэрыдлэрэ кьигъэнэІуэф щхьэкІэ, абы и бжьым кьыщІэкІыфырыкъым, псэуху мобы и ІуэхутхьэбзащІэу тыныщ дунейм. АтІэ ар захуагъэ? Апхуэдэу уэрезъупщІыкъ тхыгъэм. Уегъэупсысащ.

Аракъэ тхакІуэ нэсри зыхущІокъун хуейр - цІыхуэм и нэр кьиГаплъэу пэжыр ириГъэльагъуныкъэ? АтІэ а пэжри тегушхуэгъуафІэ уагъэщІынут пащтыхьымрэ абы и блыгущІэтхэмрэ? УтекІуэдэнкІэ хъунут а пэжым. Ар нэхъ бзыщІа, нэхъ щІэуфа хуэн папщІкІэ Къаз-Джэрий лъхьэм иІэбэкІыу Иранщ къыщІищтар, иран шыпсэ дыщІирыгъэдІагъэр. Пащтыхьымрэ абы и пІуэупщІэхэмрэ ятеухуащ «Къэжэр таурыхъым». Апхуэдэу ар ятеухуащ цІыхуэр зыГъэпсыщІ адыгэпщІэм, абыхэм я къуэдзэхэм, уэрхъэм.

Ищхъэрэжь и тхьдэм щІригъэхуэр ар жьІэгъуэ дахэхэмкІэ игъащІэрэщІэну ижь иткъым Къаз-Джэрий. ЕгъэлеяІуэ зыри хэткъым абы. ТхьипІэдзкэри зэгъэпщІэнкІэ зыгъэгъэльагъуэрэ хэмкІэ иригъэззэщІыркъым - ІэкІуэльакІуэу кьегъэсэбэп щІыпІэщІэхэр, щІыхухэм я щІэхэр.

«ГъбэшгъэУ гупсысэм гуурыІуэгъуэуи кьеІуэтэжи», - жиІэгъащ философ щІрыІуэ Шопенгауэр Артур. Абы зи гугъу ищІыр Къаз-Джэрий хуэпхъхьащ. ТхакІуэм и гупсысэр гурыІуэгъуафІащ. АтІэ тхыгъэм и тхыкІэ хъуамрэ и гупсысэр зэрыуэзщІамрэ зэттьытыжа нэужькІэщ дэ щыгъуаэзэ дыщІыхьр дыздэкэр фІы дыдэ хъуами, зыгуэрым ящІращІыкІыжа мыхьэнэшэми.

Езыр зыхэт ГъащІэм и пэжыр кІыІуэтэн папщІэ, Къаз-Джэрий и тхьбзэрэн пэжым хуэузэщІащ, «Къэжэр таурыхъым» мыІупщІрэ щІагъбзэу зыри хэткъым. ТхакІуэм дигъэльагъуну зыхуейр, ящыныкъуэхэм деж, псалъэ щэрыуэ зыбжанэкІэ нэрыпльагъу тщещІ, ящыныкъуэхэм деж, зэрелІалІэшхуэ щымыІу, кууэ зыхьдгъащІэ езыр зыгъэплейтейр. Абы и дэтхэнэ плъыхьыжьым езым и щыфанІыфэ, и хьэл-щэн, и дуней тетыкІэ ижщ, ІэпІэзэрыту, ззэзмызы кьызэрыкІрэ зыгуэрхэм хуэшхьдау, ар ятопсэльхьы и тхыгъэм зи гугъу щищІхэм, нэгъуэщІ жьпІэмэ, псалъэ хъуэнрэ псалъэ хъуэрэ и мащІэу, Іейм и кьуэпс кІуэпІэхэр кьыщІегъащ. «Іейр Іейщ икІи абы бзаджэ хуейщ, - уегъэгупсыс абы, - абы сыт хуэдэ хэку и хэщІапІэми».

Пушкин Александр и цІыхугъэ

КЪАЗ-ДЖЭРИЙ Сулът!ан и гъащІэр къызэрекІуэкам идкыри мыгурыІуэгъуэ куэд хэлъщ. Къаз-Джэрий теухуауэ Мэзкъу и архивхэмрэ Къэрал бибилиотекэхэмрэ кьыщыдГъуэтар икъуэкІэ мащІэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, а лІы Іущыр 1807 гъэм Псыжь адрыщІ къызэрыщІалъхьам, хъымыщІ адыгэ пІэпІэкъым зэрыщыщІым дыщыгъуазэщ. Абы пасэу фІэкІуэдащ и адэр. «Анэ Гущагбэм срибын закъуэт, - етхыж ежьм. - Фызабэ тхьэмыщкІэм сригуГъанІэт икІи сабиигъуэ Іэфыгъэм сыкъыпыкІащ сэ пасэу...»

Профессор Къумыкъу Тыгъуэн къызэригъэльагъуэмкІэ, Шэрджэсым щыпІажьэ хамэ къэрал бзэгузэкъэхэм ебэнын зэрыхуейр Хъан-Джэрий нэгъуэщІхэм ящыдаГъагъуэ щытащ, псалъэм папщІэ, «Беслъэнейм щыпсэууэ щыта абы и къуэш Къаз-Джэрий Сулът!ан, полковник Азэмэт-Джэрий Сулът!ан, подполковник Мэгурыкъуэ, беслъэнеипщІ Гущыкъуий сымэ». Хамэ къэрал бзэгузэкъэхэм ебэныным а гупыр и телъхьэу зэрыщытам дэ щэч кьытетхъэркъым, ауэ щэч кьытыдохьэ Хъан-Джэрийрэ Къаз-Джэрийрэ зэкъуэшу зэрыщытам. Къумыкъу Гыгуэн и тхыгъэм кьыщигъэльагъуэркъым а тІур зэрызэхъуэжьыр кьызэрищІа щыкІэр. АтІэ Къаз-Джэрий езым итхьжауэ щыІэщ «анэ гу щабэм срибын закъуэт» жери. А Ітури зэунэкъуэщу щытагъэнщ, ауэ зэкъуэшу дыдэу кьэзыгъэльагъуэ тхыгъэ кьытхуэгъэтакъым иджырэ къэс.

Теуиэ Хьэчимии «Къэбардейм и тхакІуэхэмрэ и литературэмрэ» и кьэхутэныгъэм Къаз-Джэрий кьыщалъхуамрэ щылІэжамрэ мытемэму кьыщегъэльагъуэ (1801 - 1843). А тхьлъ дыдэм и етІуанэ кьыдэкІыгъэм, зи гугъу ищІым, и ГъащІэм ильэс заякъым хупеІщэри, щыпсэуэр 1801 - 1870 гъэхэрауэ кьыщыджеІэ. Гроэнэм щыщ еджагъэшхуэ Корзун Борис, профессор Гарданов Батразы Къаз-Джэрий кьигъэщІа ныбжьыр яхуэузбхуякъым. АтІэ дауэ кьэтщІну бжьы и пэжыІпэр?

Къаз-Джэрий тетхьыхьа нэгъуэщІ гуэрхэри щыІэнкІэ мэхъу. КІуррашын БетІал осетин усакІуэшхуэ Хетагуров Коста триуха тхыгъэм мыпхуэдэу щыжеІэ: «Ставрополь дэта цІыхухъу классическэ гимазиер, Хетагуров Коста зыщІедж, кьаухащ адыгэ тхакІуэ-щІэныгъэлІхэу Къаз-Джэрий Сулът!ан, Адыл-Джэрий Сулът!ан, КІашэ Адэл-Джэрий»...

Къаз-Джэрий Ставрополь дэта гимназием щеджакъым, щеджэнкІи Іэмал иІакъым. Гимназиер 1837 гъэм къызэІуахащ. Абы щыгъуэ Къаз-Джэрий Бытырбыху дэст. Ставрополь дэта гимназиер Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу щытащ, «Кавказым щыщ» цІэри зэрихьэрт. ИужькІэ ар зэрахъуэкІыжащ цІыхухъу классическэ гимназиеу.

Абы щрагъаджэрт лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм кьахэкІ щІалэхэр - адыгэхэр, балъкъэрхэр, осетинхэр, щэшэнхэр, дагъыстанхэр.

ЗэрыкъэрыпІагъуэщ, Къаз-Джэрийрэ а гимназиемрэ я Іуэху зэхэлъкъым.

Япэ адыгэ тхакІуэм и сабиигъэм теухуауэ дышІыгъуэзэр мащІэщ. И щІалэгъуэу ар зы зэман Хъан-Джэрий щыІгъуэ Тифлис щыІащ. Кавказым и тет Ермолов Алексей ныбжьыщІэ гурыхъуэм гу кьыпытащ икІи къыдэІэпыкъуащ. Къаз-Джэрий яхэтащ ирагъаджэну япэ дыдэу Урысейм яГъэкІуа адыгэ щІалэхэм. 1826 гъэм къызэрыгуэкІ сэлэту кьулыкъум щыщІидзащ еблана фочуэ полкым, иужькІэ «лейб-гренадер Ермановскэ»-зэдджэжу щытам. Куэд мыщІэу ар урыс-кьэжар зэуэм макІуэ. Урысыдзэр текІуэныгъэр и куэду ебгъэрыкІуэрт. Шамхор, Елизаветполь, Аббас-Абад, Эриван, Сардар-Абад кьалэхэр бийм кьытрихьокри, генерал Паскевич зи дзэпщ урысыдзэр 1827 гъэм Тавриз дыхьащ.

Къаз-Джэрий хэтащ зэхэуэ псоми. ЛІыгъэ зэрызэрихьам кьыпэкІуэу кьратащ медаль. 1830 гъэм юнкер мэхъури, Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм хагъахьэ. Ар пащтыхьыр зыхъумэ гупу 1828 гъэм къызэрагъэпэщат, хэтхэри бгырыс лакъъэлІэшхэм кьахэкІат. Эскадрон ныкъуэр егъэбгыдлІат «Пащтыхьым и фэтэр нэхъыщхьэкІэ» эзджэжьам, нэгъуэщІ жьпІэмэ езы пащтыхьыдыдэм и штабым, зи унафэ щІэтри зи цІэр Іейкі Іуэ Іуа граф Бенкендорфт.

Бгырыс шууейхэм, адыгэ фащэ щыкІэу щІауэ, щыгъын дахэ ящыгът. Офицер фэилъхьагъуэм хыхьэт къэптал фІыцІэ кьызыдэщ адыгэ цей щхъуантІэр, бащлыкъ ГуафэР, мэлыфэ фІыцІэм кьыхэщІыкІа пыІэ, и натІэ кьекІуэкІым дыжьын уагъэ кьедэжІауэ, гъэунэщдж быхъу, дыжьынфэ куситІ и бгъуэкІмкІэ эздекьыу. Урысейм кьакІуэ хьэщІэ лъапІэхэми пащтыхьыр яхуэпсэрт а фащэмкІэ.

Къаз-Джэрий дэз кьулыкъум зэманышхуэ фІихьыт, итІани жэщ-махуэ имыІэу абы иджыпт урысыбзэмрэ литературэмрэ, тхэн Іуэхуми ерыщу пылът.

Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм абы ильэс пщыкІэкІэ кьулыкъу щищІащ. А щууей гупым абы и закъуэтэкъым тхэн Іуэхум зезытІауэ адыгэу хэтар. Къаз-Джэрий щыгъуэу Бытырбыху и къэрэнэм щыІащ Кьэбэрдейм щыщ еджагъэшхуэ Нэгумэ Шорэ, тхакІуэ-этногрэф Къурым-Джэрий, зэкъуэшхуэ Хъан-Джэрийрэ Адыл-Джэрийрэ. Абыхэмэ я пІэпкъым кьыхуэщхьэпэнкІэ хъуну Іуэхугъуэхэр зэрагъэзахуэрт, я кьалэмыпэхэр яГъэжант. «Кьулыкъу сщІэну Бытырбыху сыкъэкІуа нэужь, - итхьжащ Нэгумэ Шорэ, - адыгэ грамматикэ стхыну сщІа мурадыр нэхъри кьыщІокІрыхьати, кьулыкъум сыкъыщыдэхуэ сыхьэтхэр кьэзгъэсэбэпурэ, щІэздзащ уурысыбзэмрэ абы и грамматикэмрэ джыным».

Нэхъ щІэхьыу а Іуэхум ижь ижьанэр кьызыхэкІа нэгъуэщІ зы щхьэусыгъуи щыІэщ. Нэгумэрэ Къаз-Джэрийрэ Бытырбыхьу кьэкІуэным ипэ кьихуэу, зэкадрон ныкъуэм хэт адыгэхэм урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ ирагъаджэу щІадзат. Петин Сергей эритхьыкъамкІэ, а Іуэхур мыпхуэдэу яублат:

«Язныкъуэ офицерхэмрэ Іэщэзекъуэхэмрэ урысыбзэр ядкъыну зэрыхуейр щыжаІэм... занщІэу университетым я Іуэхум хухихащ кандидат Грацилевский Иван. Ар кьэжэрыбзэкІэ фІыуэ псэпъэфырт, хьэрыпыбзэр зэрызэхэлъми щыгъуазэт. А егъэджакІуэм урыс-адыгэ алыфбий зэхилъхьащ. ИужькІэ абыкІэ и гъэсэнхэр зэхуэтхэу щытащ. Еджэным щІадзащ 1829 гъэм фокІадэм и 1-ми.

Грацилевскэм зэхилъхьа алыфбийм тету адыгэбзэр джын зэрыщІадзам мыхьэнэшхуэ иІэт. Шэч хэлъкъым абы алыфбийр щыізэрилъхьэм адыгэ гуэр зэрыдзэплькуэам, ауэ дэІэпыкъуэр хэтми тщІэркъым.

Урысейм и цІыху нэхъыфІхэм я гупсысэхэм щыгъуазэ зыщыпщІыну Бытырбыху нэхъ щІыпІэфІ а лъэхъэнэм щыІакъым. И лъэпкъэгъу адрей щІэныгъэлІхэми хуэдэу, Къаз-Джэрий нэхъыбэ кьызэрэщІэнум хуІэкъуат, щІэнигъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыгъуазэ зищІыт. Псом хуэмыдэжу ар егупсысауэ, урысейм щеІуэкІ гъащІэр, езыр щыпсэу лъэхъэнэм кьыщыхьэхэр кууэ зэригъэщІэным. Апхуэдэ дыдэу ар хущІокъэрт кьызыхэкІа и лъэпкъым и тхьдэр зэрызригъэщІэным.

1830 гъэм бгырыс шууейхэм я еджэныр зэпамыгъэуэу хьуакъым. Хъан-Джэрий я щу пашэу эскадрон ныкъуэр Польшэм яГъакІуэ, абы кьыщаІэта зэщІэхъеенныгъэр зэхэзыкъута дзэхэм яхэту. Зы мазэ нэхъ дэмыкІыу бгырыс шууейхэр ВильнэдыхьащІ, Остроленкэ, Берпен, Райгород, апхуэдэу Панар пьагаліэхэм щеІуэжа зауэ гуащІэхэм Къаз-Джэрий лІыхъэжьыгъэ нэс кьыщІэгъэльэгъуащ. Абы сыт щыгъуи щыгъуащ Іэщэзехьэ Нэгумэ Шорэ. Нэгумэм зэрихьа лІыгъэм папщІэ орден къратат. 1831 гъэм мэкъуэгуэгъэ мазэм и 16-м Ковнэ и пІуэнэгъуэу зэхаубла зэхэуэшхуэм Къаз-Джэрий ІэГъатэ щохъу, мышынэжу зэрызуэр яхьалъэтэри, кьыхуагъэфащэ «Зэрихьа лІыгъэм папщІэ» жиІэу зытетха дыщэ медаль. Абы и ныбжьэгъуфІ икІи и Іыхьлы Хъан-Джэрийри «Іыхьэншэ» хъурхъым, Іэзэу унафэ зэрищІамрэ езым лІыгъэ щапхъэ игъэльагъуэу и шууейхэм япэ зэриштамрэ къальхэтэри штаб-ротмистр ящІ. Бгырыс шууейхэр Ригэ, Минск кьалэхэр кьызэпаупщІри, 1832 гъэм Бытырбыхьу кьоСыж.

1832 - 1835 гъэхэм ящыщ зым тохуэ Къаз-Джэрий тхакІуэ Муравьев Андрей нэІуасэ щыхуэхъуар. А тхакІуэм и Іадакъэщ!кІэм, гъэзугуанэ тхыгъэхэм куэд кьыщыбгъуэтынущ Кавказымрэ ГъэкІыпІэ Гъунэгъумрэ я тхьдэр джыным теухуауэ. 30-нэ гъэхэм Муравьев тхакІуэ Іэзэу и щІэр ІуакІэт. Пушкини щытхъуауэ щытащ абы «1830 гъэм бегъымбар щыІаныгъэхэм къызэрыщыкІуэхьар» ыфІищІа и тхьпІ томитІ хъум. А тхьпІыр абы пІэмыжь хуэхъуащ Синодым и прокурор къулыкъур иубыдынмкІэ, иужькІэ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысейм и Академием и пІэр нихьэсымкІэ. 1836 гъэм зи ныбжьыр илъэс 30 ирикъуэ Муравьев камергер кьуэкІэт. Урыс усакІуэщхуэ Пушкинрэ Муравьеврэ фІыуэ зэрыщІыхьут. «Арзрум къызэрыщыкІуэхьам» тхыгъэм Пушкиным абы и цІэ къыщреІуэ: «Тырку зауэм хэта усакІуэхэм ящыщу сэ сцІыхуу щытар А.С. Хомяковрэ (зи гугъу ищІыр япэу Урысейм университет къыщІэзыІуа, Къэзадокъуэ Пэкъумэн ипІэ зэджа, адрейм итхьну зигъэхьэзырыпІр иджы апхуэдизу псоми ягу ириихь и тхыгъэр - бегъымбар щІыналъэм къызэрыщІухьам теухуар».

Пушкиныр Муравьеврэ зэщІыгъуу еблагъэу щытащ гуащэ Волконскэ Зинаидэ и литературэ хьэщІэшым. Абы екІуалІэрт Мицкевич Іэдэмм, нэгъуэщІ такІуэ щІрыІуэхэр.

Муравьевыр, Іуэхугъэ къыщІидзат, зэгуэрым Волконскэхэ ар къызыщеджауэ щыта и усыгъэм ауан дыджкІэ жэуап иритыжьыгъащ.

Хэт ищІэн, абы дерс кьыхихагъэнт Муравьев, афІэкІа усэ итхьжакъым, ауэ пщІэ зыхуащІ тхакІуэ хьуащ. Пушкиныр щІакІуэ кІапэм щауфІыку абы и ныбжьыфІу щытащ. ИкІи Муравьевыу хуэбгъэфащэ хьунущ Къаз-Джэрий урыс усакІуэщхуэм къезыгъэщІыхуар. Пушкини хуэфащэ гулъытэ хуищІащ бгырыс щІалэ гурыхъэм. Арыншауи дауэ хъунт?! Езы усакІуэщхуэми Урысейр Кавказым пыщІа хъуныкИІэ зэкІыпІэ нэхъыщхьэу къиІыпІэтэр урыс щэнхабзэ гъэрыпыт бгырыс-хэр кьешІэнІэн зэрыхуейр. Ауэ Пушкиным кьыгурыІуэрт а Іуэхур зэрыхэпІэтъуэр.

«Адыгэхэм дыкьалъагъу хъуркъым», - щетх абы «Арзрум къызэрыщыскІуэхьам». Апхуэдэу щІыщІтыр зыгъэзахуэ щхьэусыгъуэри асыхьэтукІэ: «Дэ ахэр тетхуэда я хуэпІэ хуитхэм; я къуажэхэр зэхэтфыщІащ, ящыныкъуэ лъапкъэр кьанэ щымыІэу зэтедкІащ».

Мыбдежым тхыгъэм, ар хьыбар гукъеуэнэшэм хуэдэу укьуэдиями, щэч хэмылъу, а лъэпкъхэр егъэкъуащэ. Пушкиным кьелъытэ бгырыс жьІэмыдаГуэхэм я «гужьгъэжьыр» гъэкІуадауэ урыс лъэпкъышхуэм и жьауэм щІэпъуэнэм, тырку суЛът!аныи ахэр кьыбгъэдэшауэ, щІэнигъэм и гъуэгур яхуэзІухьним, Урысейм и кьэрал щыбгъуэ ІэхъумкІэ иІэ, мыхьэнэшхуэм и мызакъуэу, езы адыгэхэми абы я гъэсэныгъэ кьыхэхьэну.

ЗэрынэрыпІагъуэщ, декабристхэми хуэдэу, Пушкинри «сэхъуэкъэр гъэІурыщІэным» и тетхьэщ. Дапхуэдизкі Іэзыр пащтыхьым еныкъуэкъуу щымытами, адыгэхэм лей кьаззрыІыысыр гукъеуэшхуэ щыхьуу щытакъым Пушкиныи. Дауи, дежьи ятхуауащэртэжьым тепщэгъуэ ГъащІэ зиІэ унагъуэм кьызэрыкІар. Сыт щхьэкІи абы игу щІэузынт и пІэпкъэгъуэхэр джатэ кьихакІэ ззэауэ адыгэ ябгэхэм. Апхуэдэу щымытамэ, «ябгэ», «сэхъуэ», «хьэл мыхъымыщІэхэр зыхэпъ» псалъэ жагъуэзэкІэ ещынтэжьым нэхъ ГъащІ зиІэ ГъащІэм нэхъ и хуэмыдэ щагъэ зыбГъэдэмылъ пІэпкъ щыкІум. АтІэ и Іуэгуанэ тхыгъэхэми ар фирхьэуным хуэдэущ, нэгущІэхъэ ящынэкІзы абыхэм зэрелІтыр. Мыпхуэдэуи итхащ абы: «Ахэр ягъэсабрыну сыт ящІа щыгъуэ ІэкІуэльакІуэт. Ауэ лей ирахьу щыщІадзащ ар нэхъ яхэзэгъащ». Пэжщ, а псалъэ гущІэгъунщэхэр ижькІэ щІетхъэж, кьыгурыІуэжагъэнт гущІэгъунщагъэм бгырысхэми ар дыдэр къызэрыпІагъэІуэжыр. УсакІуэшхуэр абдежьым и бзэгум едзэкъэжьи хуеят, сыту жьпІэмэ чыристан диным къраІэкъэнэу хэт ПушкинкІэр къэкІуауэ Урысейм езыгъэтэкъым, Урысейрат кІуауэ ахэр пІэгуащІэтыи зыщІыр.

Пушкиным апхуэдэу фІэкъабылт бгырысхэм Евангелиер егъэдзыжьи, зыхэмам ахэр зэрыта чыристан диныр къегъэщтэжьыныр. Ныкъуэхъуу къэна «Тазит» поэмэри зытегъэпсыхьар а гупсысэрат.

«Арзрум къызэрыщыскІуэхьам» адыгэ хабзэхэм, адыгэхэр зыхуитхэмрэ зыхуимытхэмрэ щытепсэлъыхьурэ, абы мылпхуэдэу щетх: «Адыгэхэм мусЛъымэн диныр къызэращІэрэ куэдыщэ щІакъым. Ахэр итхьэсуат КъуІэнэным и бегъымбархэм яхэлъа лъагъумыхьуныгъэ лъэщым... Кавказыр поплъэ чыристан лІыкІуэхэм».

Ауэ тхакІуэшхуэм зи гугъу ищІыр а лъэхъэнэм пхуэмыгъэззэщІэн Іуэху нэпцІт. Езы Пушкини игуфэтакъым чыристан диныр пІэпкъэкъым ахэпщэу къззакІухьэм, апхуэдэу кьыщащІкІуэу щыта эманыр щыІэжтэкъым. Аращ и «Тазит» поэмэм хэт «ЛІыкІуэр» («миссионерыр») зыкъомкІэ Іэрыщі-Іурыщіу щІыщытыр. «Езы Тазит миссионер щІыжамэ, дауэ хъунут?» - жиІэу Пушкиным ГукъэкІ ищІамэ-щэ? ИтІанэ абы, щэч хэмылъу, игу кІыжьынт Нэгумэ Шори Къаз-Джэрии, урысыдзэм кьулыкъу щызыщІэ, щІэныгъэ зиІэ адыгэхэр, езыхэм ящІыгъуу зи пІэпкъэгъуэм ятеуэу щытахэр...

1832 гъэм Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэр щІагъэтІысыхат статкэ чэнджэщэгъу Львов и унэм. Бгырысхэр абы щебгъэдзэжу куэдкІэ нэхъ зэІуэзэпэщт, Семеновскэ полкым и казармэхэм нэхърэ. Іэщэзехьэхэмрэ юнкерхэмрэ цІыху тІурытІ-щырыщурэ щІыгъэшат пэшхэм. Дэтхэнэми иІэжт и гъуэгуІыпІэ, пхъэхуейм екІуэ ещІэу кьыхэщІыкІауэ зыпІэкІ, жэщ-махуэм хуэзэу ящІэрТІоф уэздыгъи иратырт. Жандармхэм я Іэтащхьэ Бенкендорф кьилытэрт: «Быдэу зэракІэльыплъам икІи зэракІэльыплъым кьызэрыгъэльэгъуамкІэ, бгырыс щІэныгъэншэ къэгубжьыгуафІэхэм нэхъ яхэззгъэнут я псэупІэр (эскадрон ныкъуэр зыщІэс зыщІэс унэр) мин зыбжанэ тетъэкІуэдауэ зэгъэпэщыныр, езыхэм я хабзэмрэ я нэхъ кьызэращтэмрэ елъытауэ абы щыпсэун папщІэ».

Къаз-Джэрий нэхъ и фІэщу тхэуэ щІидзащ корнет ящІа нэхъ. Офицерыр хуит ящІырт фэтэр кьиштэну. Къаз-Джэрий Бытырбыху и щІыпІэ нэхъ щэхуэм ящыщ Ротэ хьэблэр хэщІапІэ ещІ. Лэжьэну закъуэмэ, зыри зэран кьыщыкъуэхъунутэхъым. АтІэ езыми гукъыдэжьшхуэ иІэт тхэну, и кьарур игъэнэхужьыну. Абы щыгъуэщ офицер щІалэм кьалэмыр кьызэрыхуэжьІэщІэр кьыщцІыщытар.

1834 гъэм и гъэмахуэм Къаз-Джэрий Кавказым кІуэжащ. Сыт хуэдэ Іуэхут абы иІэр? Бгырыс зэрымысабырхэр кьигъэдэІуэн мордыкІэ ежьат хьэмэрэ и пІэпкъэгъуэхэм ятеуэну дзэм яхэту зыщалъхуэ пІьхэм кьыщыхутэжат? И зыгъэпсэхуГъэр я фІэщ щигъэкІуэну кІуэжамки хэт ищІэн? Дэ абы дыщыгъуазэкъым. Апхуэдэу дэ дыщыгъуазэкъым адыгэ Іуэрыпуатэр зэхуэхьэсыжьынымкІэ Къаз-Джэрий сыт хуэдэ пэжыгъэ иригъэкІуэкІами. Ауэ дэ щэч кьытетхъэркъым абыкІэ и щІыхуэ кьыззрытемынам. Кавказым ар кьиІыжьат и псэкІэ нэхъ жумарт, игукІэ нэхъ кьулей хуІауэ, гухэхуэу ин игъэтэрэ тхэным хуэпабгъэу. ИкІи и гурыфІыгъуэхэр имыухьж щыкІэ елэжьын щІедзэ и гъэуганэ тхыгъэм - «ХьжьитІэгъуей ауэым». Абы зделэжьым ар щІэх-щІэхъуурэ хуэзэт Муравьев икІи ар щІигъэдэІуат и ныбжьэм, и лъэпкъэгъуэм я Іуэху зыхуэдэм, Урысейм я адыгэхэмрэ фІыкІэ зздэгъэлэжьэным зэрегупсысым. Муравьев лІы Іущым кьыгурыІуэрт Къаз-Джэрий зыхущІэкъуар, кьыгурыІуэрт щІэныгъэ Іэхъукіэ урыс пащтыхьыр щІэгъэкъуэн зэрымыхъунур. Абы Іэхъулъэхъут Кавказым хуиІыкІ. А псорэ, и щхьэр течауэ, и ныбжьэгъу бгырысым хужьмеІыжьи, и жагъуэ зэримыщІыным елІалІэу, щабэу ириІуэтыпІэрт Къаз-Джэрий зи ужь ит Іуэхур занщІэу щэрыІуэхэри.

Муравьевыр Іуэхуэ къыщІидзат, зэгуэрым Волконскэхэ ар къызыщеджауэ щыта и усыгъэм ауан дыджкІэ жэуап иритыжьыгъащ.

Хэт ищІэн, абы дерс кьыхихагъэнт Муравьев, афІэкІа усэ итхьжакъым, ауэ пщІэ зыхуащІ тхакІуэ хьуащ. Пушкиныр щІакІуэ кІапэм щауфІыку абы и ныбжьэфІу щытащ. ИкІи Муравьевыу хуэбгъэфащэ хьунущ Къаз-Джэрий урыс усакІуэщхуэм къезыгъэщІыхуар. Пушкини хуэфащэ гулъытэ хуищІащ бгырыс щІалэ гурыхъэм. Арыншауи дауэ хъунт?! Езы усакІуэщхуэми Урысейр Кавказым пыщІа хъуныкИІэ зэкІыпІэ нэхъыщхьэу къиІыпІэтэр урыс щэнхабзэ гъэрыпыт бгырысхэр кьешІэнІэн зэрыхуейр. Ауэ Пушкиным кьыгурыІуэрт а Іуэхур зэрыхэпІэтъуэр.

«Адыгэхэм дыкьалъагъу хъуркъым», - щетх абы «Арзрум къызэрыщыскІуэхьам». Апхуэдэу щІыщІтыр зыгъэзахуэ щхьэусыгъуэри асыхьэтукІэ: «Дэ ахэр тетхуэда я хуэпІэ хуитхэм; я къуажэхэр зэхэтфыщІащ, ящыныкъуэ лъапкъэр кьанэ щымыІэу зэтедкІащ».

Мыбдежым тхыгъэм, ар хьыбар гукъеуэнэшэм хуэдэу укьуэдиями, щэч хэмылъу, а лъэпкъхэр егъэкъуащэ. Пушкиным кьелъытэ бгырыс жьІэмыдаГуэхэм я «гужьгъэжьыр» гъэкІуадауэ урыс лъэпкъышхуэм и жьауэм щІэпъуэнэм, тырку суЛът!аныи ахэр кьыбгъэдэшауэ, щІэнигъэм и гъуэгур яхуэзІухьним, Урысейм и кьэрал щыбгъуэ ІэхъумкІэ иІэ, мыхьэнэшхуэм и мызакъуэу, езы адыгэхэми абы я гъэсэныгъэ кьыхэхьэну.

ЗэрынэрыпІагъуэщ, декабристхэми хуэдэу, Пушкинри «сэхъуэкъэр гъэІурыщІэным» и тетхьэщ. Дапхуэдизкі Іэзыр пащтыхьым еныкъуэкъуу щымытами, ад